Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 48 (7240) 18 ноябрь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Журналистал сапаралда

(Цогояб информационнияб хъулухъ - росабалъ)

Араб газеталда нижеца лъазабухъе райадминистрациялда цебе гIуцIараб Цогояб информационнияб хъулухъалъ ва районалъул «Ахихъан» газеталъ росабазул гIадамазулгун дандчIваял тIоритIулел руго. Ахириял къоязда щвана Балахьуни, ХъахIабросу, ЦIатIанихъ, ИштIибури росабазул администрациябазде, школазде, ясли-ахазде, культурая лъул учреждениязде. Лъазабуна кинабго рахъалъ гьениб бугеб ахIвал-хIал, сайтазул хIалтIул, районалъул «Ахихъан» газеталъе подписка гьабиялъул иналъул ва гь. ц. Гьенирго дандчIвана почтамталъул бакIазда ругел хIалтIухъабигун.

Балахьуни росдал школалда букIараб дандчIваялда школалъул учительзабаз районалъул нухмалъиялъул пикру буссинабуна чанго соналъ балеб бугеб, амма рагIалде ба хъун гьечIеб школалъул мина тIад чердакги гьабичIого жагъаллъулеб букIиналде. ХIакъикъаталдаги Балахьуни росдал басрияб школа буго цIакъ санагIат гьечIеб хIалалда къваридго, байбихьул классал ругоан къваридаб минаялъур.





ХъахIабросулъги ккана гьелго суалазда гара-чIвариял. Гьенибги балелъубго хутIун бугоан цIияб школа, цебесеб школалда гьабун буго лъикIаб ремонт, тIадеги санагIалъаби. Заманаялда харжал кьеялде руссарал рукIана гьезул кIалъаял.

ЦIатIанихъ, ИштIибури школазда кIалъазе рахъараз бихьизабуна гIолеб гIел экстремизм-терроризмалде гьетIунгутIиялъе гIемераб хIалтIи гьабулеб бугин. ЦIатIанихъ школалда бугоан гьелда хурхун гьабураб гIемераб хIалтIиги.

Киналго росабалъ рукIарал дандчIваязда бакIаздаго гьаруна сайтазул хIалтIуе кумек, малъа-хъваял. Гара-чIвари ккана районалъул «Ахихъан» газеталъе подписка гьабиялда хурхун. Гьелъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадовалъ бихьизабуна гIицIго районалъул общественниябгун политикияб ва социалиялгун экономикиял материалал гурелги газеталда лъолин халкъалъе щвезе рес бугел грантазул, субсидиязул, льготабазул, пайдаял малъиял, тарих ва гь. ц.

ДандчIваязда росабазул интеллигенциялъул хIалтIухъабаз бицана жидерго захIмалъабазул, кьуна пайдаял предложениял.

## Полициялъулазул праздникалда




10 ноябралда жидерго профессионалияб праздник кIодо гьабуна районалъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъабаз. Гьел халкъалъул рахIат-хIалхьи цIунун къаси-къад чIечIого хIалтIулел ОВДялъул хIалтIахъабазда праздник баркизе дандчIавана района лъул аппараталъул вакилзаби; администрациялъул бетIерасул замал М. ХIасанова, С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, культураялъул отделалъул, рагъулав комиссар Ш. МухIамадов ва цогидалги хIалтIухъаби. Гьезда хинаб дандчIвай гьабуна полициялъул хIалтIухъабаз. Рохалилаб тадбир бачана Унсоколо районалда вугев ОВДялъул нач. М. МухIамадовас. Районалда парахалъи цIунулездехун гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ тIаде рачIаразе баркала загьир гьабуна гьес.

Районалъул бетIерасул ва районцоязул цIаралдаса полициялъулазда праздник баркана С. АрулмухIамадовас. «Нужеца нужерго гIумро хIинкъиялда гъоркьги лъун, кIвахI тун цIунула районалъул гIадамазул хIалхьи. Баркала буго нужее гьелъухъ. Гьарула къуват, сабру, гьабулеб ишалъулъ махщел. Баркула нужеда гьайбатаб праздник! Полициялъул хIалтIухъабазда праздник баркана цогидазги, гьенир рахъана ракIалде щвеялъе суратал.

## ЧIахIиязулги гIолилазулги дандчIвай



I5 ноябралда Унсоколо бугеб лъималазулгун гIолилазул экскурсиялъул ва туризмалъул цолъиялъул Станциялда букIана гьебго росдал харабигун дандчIвай. ДандчIваялде ахIун рукIана захIматалъул ветеранал, батIибатIиял махщелазул вакилзаби, цогидалги район цебетIезабиялъе гIоло гIемераб хIалтIи гьабурал гIадамал. **(Ахир 4 гьум.)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 48 (7240)*
*18 ноябрь 2016 сон*



# ГIолохъанлъи

(Дуда ккоге, гьудул, гьаб гIолохъанлъи
Подобе бортараб тIегьилан,-абун...!)



## Эбелалъул ракI

Дуда эбелалъул берал рихьанищ
Балагьун гIорцIичIел гIумроялъго духъ?
Дуда эбелалъул кверал рихьанищ
Кинабго дуе кьун, ракъван тIагIарал?
Дуда эбелалъул гьумер бихьанищ
ГьитIинлъун тIагIараб. дур тIалабаца?
Дуда эбелалъул угьи рагIанищ
Гьаб дуниял цIураб, цIилал сорораб?
Дур хIухьелалъ гуреб хIал жиндир хьвачIей,
Дур каламалъ гуреб керен хинлъичIей,
Дудалъун гурони канлъи бихьичIей,
Кинабго дуниял, дуй гIоло кьолей.



Мун – гьелъул чохьонив, каранда гIурав,
Мун – гьелъул мугъалда мегъал сверарав,
Мун – гьаналъул ругIел, гIадан лъвинегIан
Дур кини хъвагIарай, гIазизай эбел.
Мун гъолде вагъула, лъадуда божун,
Гъолъ хвалил гIазабакь гьавурав гIадан,
КIалъала… мун гъолъул ургьиса гурев,
Лъова зобалалъа рещтIарав гIадин.
Мун гьелъухъе щола гьобол кинигин,
Мун – гьелдаса тIураб гьаналъул бутIа.
Бицуна дуцаго кьураб жоялъул
Дуниял кьуралда, гIумру кьуралда.
Мун кванараб мехалъ гIорцIулей эбел
Дудаса дур ургъел батулей эбел,
Мун квачараб мехалъ гIунулей эбел
ГIузраби дур рихьун, херлъулей эбел.
Эбелилан абун Аллагьас йижун
Ракьалде биччараб Бичасул хIикмат,
Мун вихьараб мехалъ кIудияй гIолей
Дуца тараб мехалъ гьитIинлъун уней.

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

## ГIолилазе хIалтIи хIажалъун буго

Кодор дипломалгун цIаларал ясал
ГIиядейищ инел, хардейищ инел?
Кирехун аниги, кире щваниги
ХIалтIи гьечIин абун абулеб бугин.
Пашманлъиялъ гьумер буго гIодоб чIван
ЦIаларал саназул хIисабги гьабун,
Фабрик-заводгIаги бугебанищан
Ургъалида тIерхьун руго гIолилал!
Жалго балугълъуде рахараб мехалъ
Бокьун буго гьезий моцIий щолеб харж,
Херал эбел-эмен рази гьаризе
Сайигъат-саламгун гьезухъе ине.
Васал бокьаралъуй хIалтIизе ина
ХIалимал гьал ясал киреха инел?!
РикIкIаде унеб гIуж ясазул гьечIин
Кин гьал квал-квадилел магIишаталъе?
Кирго хIажалъулел хIалалал гъурщал
Киса ралагье,-ян гьазда абилеб?
РетIине бокьула, квине бокьула
Кин чIаян абилеб рокъор гIодорчIун.
Лъимал ругонани кин гьел хьихьилел
Кисаялда жанир гъурщал гьечIони?
ЛъикIаб щинаб бихьун цIурал тукаби,
Бадир кверги чIванищ рокъой рачинел?
Гъурщал гьечIин абун абураб рагIи
Кинго бичIчIуларо гьал гьитIичазда,
Гьадаб босейилан, гьаб босейилан
Килищ чIван бихьизе гьабулеб буго.
Рокъоб дипломги лъун, бабал лъималин
Каранде къаниги гьел гIорцIиларо.
Дипломалда рекъон хIалтIи щвечIони
Щибундай цIунила рокъоб гьуинлъи.
ГIарац гьечIолъиялъ гIумро кьерхараб
Пашманаб замана гIолеб гIелалъе.
Хьулал халалъараб, хайир щолареб
Дун бахиллъуларо гьаб гIумроялда!

***У. ГIАБДУЛАЕВА. Эбел. Унсоколо росу***

# ГIолохъанав нухмалъулев



Ункъго сон буго гIолохъанав нухмалъулев Лабазан Мух1амаевас Унсоколо росулъ бугеб лъималазулгун гIолилазул туризмалъул станциялъе нухмалъи гьабулеб бугелдаса. Гьелде щвезегIангоги жиндирго захIматалъулаб нух гьес байбихьана станциялъул кружокалъул нухмалъулевлъун хIалтIиялдасан. ХIалбихьи бугев краевед ХIажи Ибрагьимовасул нухмалъиялда гъоркь хIалтIулаго лъикIаб хIалбихьи щварав гIолилас рагIа-ракьанде щун тIуразарула тIадал ишал, живго мисалиявлъун вукIуна коллективалъе.

Араб соналда 20 сон тIубана гIолел туристазул станция гIуцIаралдаса. Щибниги гьечIеб бакIалда гьеб гIуцIана ХIажи Ибрагьимовас, хадусеб хIалтIи цебе бачине тIаде ккана Л. Мух1амаевасда. ГьабсагIаталда гьениб хIалтIулеб буго I5 цолъи. Гьел ккола щуго – туристлъиялъул, анлъго – край лъазабулеб, кIиго ТОКСалъул, цо-цо музыкалияб дело ва гIолев геолог. Киналго цолъияз жанире рачунел руго 273 лъимер.

Станциялда хIалтIи гIуцIун буго занятияздагун край лъазабиялъул экскурсиязда лъималазда сверухъ бугеб гIумро бичIчIуледухъ тIабигIат ва гьелъул ругел захIмалъаби лъазе бажаруледухъ; рохьал къотIи, лъинал чорок гьари, рехун тарал ракьал, ахал ва сверухълъи бугеб хIалалалъул ахIвал-хIалги рагьун.

Гьединго лъималаз лъазабула нилъер бахIарчияб районалъул ва Дагъистаналъулго тарих, гьелъул ишалъулал гIадамазул гIумро. ЦебетIун буго гьениб ТОКСалъул хIалтIиги.

Интересаб куцалда уна станциялда батIи-батIиял махщелазул гIадамалгун «гургинаб столалда нахъа» дандчIваял, семинарал, цогидалги цоцазул хIалбихьи лъазабиялъул тадбирал.

Лабазан Мух1амаевас I997 соналда лъугIизабуна ДГПУялъул къватIисел х1укуматазул мацIазул факультет ва гIумро бухьинабуна гIолеб гIелалъе тарбия кьеялда.Гьеб абуни гьабулеб буго ракI-ракIалъ. Гьесул коллективалъул щивас санайилго подписка гьабула районалъул «Ахихъан» газеталъе, щулияб бухьен ккола районалъул газеталъулгун ва сайталъулгун. Гьелъги бицуна гIолохъанав нухмалъулесул жакъасеб бичIчIи буголъиялъул.

Жеги цебе буго Лабазан МухIамаевасул гIумроялъул нух. Биччанте гьеб букIине хадубккунги рекIее бокьухъе мурад тIубалеб, захIмат тIегьалеб, гьабулеб ишалъе икъбал бугеб.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

**Умумазул лъугьа-бахъинал**

## *Берцинаб букIуна берцин бихьараб*

Лъим гьечIеб авлахъалдасан унеб букIанила караван. Авлахъалъул иццул бетIерги ккун, гьениб сиги бан чIун вукIанила гъачагъ. Гьесул гIадат букIанила лъел цIезе вачIарав чиясда щиб бугониги гьикъулеб, гьеб лъани лъим кьолеб, лъачIони нухлулав чIван давла нахъе босулеб.

ГIагарлъухъ рештIараб караваналдаса цояв анила лъим босизе. Цо цIакъ берцинай ва цо цIакъго сурукъай гIаданги гордунисан къватIире раккизарун, сивул гордунисан вакканила гъачагъ ва гIолиласда лъазабунила гьазул кинай берцинай йигеяли битIун бицинчIони лъимги гIумроги дуе гьечIин.

-Дуда берцин йихьарай берцинай, сурун йихьарай сурарай йигилан жаваб кьунила нухлулас.

БитIараб буго, тIад квер чIван цIе лъел дурго рахълъен,-ян ахIанила гъачагъас.

## *Бугъие бугъа камулареб*

Авар гIурул рагIалда бецIал хъархъалъ къайи чIван гъарачилъи гьабулев вукIанила Квешав Къади абун цIар бугев цо гъачагъ. Гьес цересан унел нухлулазде ахIулеб букIун буго «Воре Квешав Къади вачIунев, гIодоб лъе кодоб бугеб къайи-къоно»,-ян. ХIинкъарал нухлулал гIодоб гьебги лъун лъутулел рукIун руго. Цо нухалъ гьединабго хIинкъи кьун буго гъачагъас нухлуласе.

- Дудаго рагIун ватила Квешав Хъвата! Гьев Квешав Къадил ЛъикIав Къади гьавила дица. Бихьинчи ватани вачIа цеве,-ян ахIанила нухлулас. Гъарачи цеве ваккич1ила.

-Бугъие бугъа камулареблъи бичIчIун батила дуда,-ян гьесдеги ахIун, нухлулас бухъизабунила.

## Россиялъул чемпион



Октябрь моцIрол ахиралда Бердск шагьаралъул «Вега» спортивияб комплексалда унеб букIана I6 соналде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул къецал. Турниралда гIахьаллъана 420 жидерго возрасталъулал, киналго федералил округаздаса, гьединго Москва, Санкт-Петербург ва Севостополалдаса къуватал спортсменал. Сибиралъул федералияб округалъул къадру цIунун цере рахъана I64 чи, гьезда гьоркьор рукIана 67 Новосибирскаялдаса спортсменалги.

ТIоцебесеб бакIалъе гIоло къеркьолел рукIана I4 весовияб категориялъул 32, I20 килограммалде щвезегIан спортсменал. Турниралда 50 кг. цIайиялда чемпионлъун вахъана нилъер ракьцояв, ГIашилтIа росулъа гIолохъанав спортсмен ГIарип ГIабдулаев.

Республикаялдаги римазул речIчIухъанлъиялъул рахъалъ церетIурал спортсменазул цояв ккола ГIарип ГIабдулаев. Гьев ккола районалъул, республикая лъулги чемпион гуревги, Россиялъул призер, халкъазда гьоркьосел, ТIолгороссиялъул ва республикаялъул турниразул чемпионги.

РакI-ракIалъ баркула гIолиласда тIадегIанал хIасилал!

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 48 (7240)*
*18 ноябрь 2016 сон*



*Садовод*
Страница в номере



# Главное – воспитать хорошего человека

Интервью с учительницей начальных классов Шамилькалинской СОШ Магомедовой Раисой Петровной



**Исторически сложилось так, что в нашей стране на одной общей территории в мире, дружбе и согласии проживают представители более 160 народов и нескольких конфессий. Сегодня дружба и сплоченность между представителями разных национальностей, народностей и религий для России важна, как никогда. Только единство и сплоченность всех россиян способна противостоять проблемам и трудностям. 4 ноября в нашей стране отмечался День народного единства. Праздник, особенно актуальный для нашей многонациональной республики, вместившей в себя огромное количество национальностей, культур, традиций, языков, диалектов.**

**Одним из самых теплых, дружелюбных к представителям всех народностей, культур местечком в Дагестане является поселок Шамилькала Унцукульского района, в котором в мире, дружбе и согласии вот уже несколько десятилетий проживают представители разных национальностей, разных районов нашей прекрасной республики. Здесь нет различий между аварцами, русскими, кумыками, лакцами и другими. Да и какое значение имеет национальность, если человека отличают, прежде всего, его личностные, душевные качества и теплое отношение к окружающим его людям?**

**В канун Дня народного единства мы решили побеседовать с человеком, приехавшим в Дагестан из далекой Псковской области и вот уже почти 30 лет проживающим в Шамилькале душа в душу с другими его жителями. Магомедова Раиса Петровна – педагог начальных классов Шамилькалинской СОШ, прекрасная жена, мать, бабушка и, конечно же, хороший человек и приятный собеседник.**

**- Раиса Петровна, когда и как вы связали свою судьбу с Унцукульским районом?**

- Начну с того, что мое знакомство вообще с Дагестаном началось еще в моем детстве, когда через газету «Пионерская правда» я познакомилась с девочкой, проживавшей в Гунибе и мы стали общаться, переписываться. Потом она пригласила меня в гости, я поехала, мне очень понравилось. И поступать на факультет начальных классов я решила в Дагестане. По окончании института мы с мужем переехали жить в Кизилюрт, где стали работать в одной школе. А в 1988 году мы переехали на малую родину моего мужа – в Унцукульский район. Сам он родом из Майданска, тоже учитель. Я очень счастлива, что мы живем именно здесь. Прекрасные люди, прекрасная природа, чудесная атмосфера дружелюбия, терпимости. Школа наша замечательная.

**- Как Ваши родственники отреагировали на желание переехать в Дагестан, а после – и вовсе остаться тут жить?**

- Когда была блокада Ленинграда, мою маму отправили в Дагестан, поэтому новость о том, что я еду в эту республику, не была воспринята в штыки. Напротив, мама всегда говорила, что тут живут хорошие люди. Раньше мы часто ездили и туда, на мою Родину, когда были живы мои родители…

**- А с мужем своим как познакомились? Как Вы восприняли переезд в его родные края?**

- Мы учились вместе, поженились, когда учились на третьем курсе. Потом спустя год у нас родился сын, и по окончании института, мы переехали в Кизилюрт. Решение переехать и сам переезд я восприняла хорошо. И сейчас не жалею о том, что мы живем именно здесь.

**- Как менялся поселок за эти годы?**

- Раньше, когда мы только приехали, тут жила молодежь, молодыми были и мы сами… Было очень весело, уютно, хорошо. Да и сейчас хорошо, но, конечно, многое изменилось. Люди изменились, даже детишки другие. Раньше тут национальный состав тоже был разный, поскольку жили здесь строители ГЭС и их семьи. Сейчас тоже здесь хорошо, поселок динамично развивается, детишки в основном уже в совершенстве знают русский язык. А вот в Кизилюрте, к примеру, у меня в классе была одна девочка лачка, и все остальные – аварцы! И почти никто из них не знал русского языка. А через пару месяцев после начала учебного года детишки свободно разучивали стишки на русском языке, и могли общаться. А люди здесь, несмотря на годы, все равно хорошие. Ведь как бывает, как ты относишься к ним, так и они к тебе… Все взаимно. Тут всегда было очень чисто, аккуратно.

**- Быт, уклад жизни, культура, обычаи унцукульцев сильно отличается от тех, которые были вам близки с детства?**

- Вообще, скажу, что Унцукульский район – очень гостеприимный. Быт, культура, традиции – все такое интересное, многому можно тут поучиться. Я всегда удивлялась, как горцы в таких местах построили села, дома. Такие узкие тропинки, такие условия.. А люди живут прекрасно! Я сама по себе очень дружелюбный человек и детям в своем классе прививаю любовь, уважение к другим, терпимость. Мальчикам прививаем уважение к девочкам, старшим. Детишки в наши дни, конечно, все более раскрепощенные, многое знают, и без компьютеров им неинтересно заниматься… Ведь у всех сейчас дома компьютеры, планшеты, смартфоны. Мы тоже в классе включаем компьютер, стараемся заинтересовать детей, сосредоточить их внимание. И родители, вы знаете, очень помогают нам, отзывчивые. Стараются заниматься с детишками дома, чтобы они усвоили материал.

**- Почему Вы выбрали работу именно в начальных классах? Ведь не каждый выдержит…**

- Не знаю.. Никогда не задумывалась. Вот подумайте сами, к врачам приходят люди больные, а к нам – здоровые, красивые, нарядные, веселые. Так почему бы и не любить их? Конечно, мы любим их, маленьких, хороших наших… Но где надо, стараемся быть строгими. А почему выбрала - не знаю, видимо, это мое призвание. Мне предлагали поступить на математический факультет, но у меня было слишком много требований к себе. Вот сегодня я понимаю, что профессию в жизни я выбрала правильно и ничего не хотела бы менять. Самое главное – воспитать хорошего человека, вложить в него самые главные качества. Чтобы мужчина был горцем со свойственными ему качествами, а девушки – хорошими хозяйками. А все они – хорошими людьми. А так ведь каждый человек добр, в каждом из нас есть доброта.

**- Что бы Вы хотели пожелать своим землякам и нашим читателям в Канун Дня народного единства?**

- Самое главное – здоровья. Я считаю, что самое важное, главное, бесценное для человека – это здоровье. Будьте счастливы!

**Асият МАГОМЕДОВА**

Прект «Куначество»

# Как живешь, сосед?

17 ноября, в 10:00, в аварском селении Кутиша и даргинском селении Какамахи Левашинского района пройдут мероприятия в рамках республиканского проекта Министерства по национальной политике Республики Дагестан «Как живешь, сосед?».

Проект предполагает проведение ряда мероприятий: возложение цветов к памятнику воинам, павшим в Великой Отечественной войне, посадку аллеи дружбы в рамках работы экологического десанта, соревнования по традиционным видам спорта и концерт художественной самодеятельности с чествованием межнациональных семей из сел Кутиша и Какамахи.

На заседании круглого стола «Сосед соседу опора» будут обсуждены актуальные вопросы административно-хозяйственной деятельности района, деятельности учреждений образования, культуры, здравоохранения по решению проблем в социальной сфере, противодействия идеологии экстремизма и терроризма. В мероприятиях примут участие министр по национальной политике Республики Дагестан Татьяна Гамалей, глава Левашинского района Магомедгаджи Магомедов, представители министерств республики, деятели культуры, делегации от сел-участников проекта: Кутиша, Какамахи во главе с руководителями администраций.

Проект «Как живешь, сосед?» призван оказать содействие в укреплении отношений между народами республики, развитии культурного обмена через установление межличностных дружеских отношений, упрочении связей между муниципальными образованиями республики с различной этнической и конфессиональной принадлежностью населения, отдельными населенными пунктами Дагестана.

Отметим, мероприятие состоится в рамках реализации государственной национальной политики в муниципальных образованиях

Республики Дагестан и исполнения подписанных в 2013-2014 годах Соглашений Министерства по национальной политике Республики Дагестан с муниципальными образованиями в сфере гармонизации межнациональных отношений в 2016 году

## «Единая информационная служба» МО сообщает:

МБУ «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» обращает ваше внимание на то, что основным источником официальной информации в районе является периодическое издание «САДОВОД». С 1 октября 2016г. началась подписная компания на районную газету «САДОВОД». на 2017 год. Убедительно просим всех оказать содействие в проведении подписной компании, подписать и поддержать районную газету, которая является культурно-историческим достоянием Унцукульского района. Газета выходит 4 раза в месяц. Цена подписки на год 286 руб.

# ЧIахIиязулги гIолилазулги дандчIвай

Аслияб мурадлъун тадбир тIобитIиялъе букIана некIсияб Унсоколо росдал гIадатал, рукIа-рахъин ва культура гIолеб гIелалда бицин. Гьелъ гIолилазулъ рухIиябгун гIамал-хасияталъулал бечелъаби гIемер гьарулаго жиндирго гьитIинаб ВатIаналдаса чIухIи куцай. Гьелдаго цадахъ лъималазулъ нилъер умумазул тарихалде, культураялдехун рокьи куцайги.

Тадбиралда гIахьаллъана Унсоколо росдал № I школалъул лъай кьеялъул рахъалъ зам. Н. ГIалиева, Шамилъхъалаялъул ЦДКялъул хIалтIухъан ТI. ГIумаров. Гьес ахIарал кучIдуз кIудияб берцинлъи кьуна тадбиралъе. ГIолеб гIелалъе кIудияб интерес ккана чIахIиязул хабаралъул, лъана гIемераб цIияб жо гьезул гIумроялдаса.

Ахиралда цIалдохъабаз жалгун дандчIваралъухъ чIахIиязе ракIракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

# Нухал къачIаялде - кIвар



2016 соналда 2I % цIикIкIана Дагъистаналда нухал гьариялъул къадар. Гьелъул хIакъалъулъ бицана Грозный-Болъихъ-Хунзахъ-ГьаракIуни площадка нухал гьарулев Дагъавтодоралъул Агентвалъул нухмалъулев З. Хочбаровас.

«20I3 соналда бахъун буго хасаб указ. Гьеб указалда рекъон нижеца I0 проценталъ цIикIкIинаризе ккола автомобилазул нухал. Гьел къачIай 20 процентаглъ бахинабизе бихьизабун буго республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас. Гьаб соналда нижеца нухал къачIаялъул хIалтIи 2I проценталде бахинабуна»,-ян бицана Хочбарица.

Дагъавтодоралъул баяназда рекъон гьаб соналда ремонталъулалгун бакIал раялъул хIалтIаби тIоритIана 33 районалда. Ран яги къачIан руго 76 км. нухал, гьединго ремонт гьабун буго 27I,8 км. нухазе.

# Иргадулаб дандеЛъиялда

**I7 ноябралда райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана аппаратальулаб совещание. Гьеб байбихьана I5 ноябралда республикаялда тIобитIараб нологовияб Деклорациялъул хIасилазул бицунаго.**

Унсоколо районалда цIикIкIараб кIвар кьолеб бугин налогал ракIариялъул суалазде,-ян бихьизабуна гьес, амма руго жеги тIад тIалтIизе кколел суалал. ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна налогал ругин район, республика, улка цебе бачиналъе кIвар бугеб рахъалъ. Гьеб рахъалде бичIчIи бугеб балагьи букIине ккола щивасул. «Республикаялъул БетIерас лъикIаб къимат кьуна районалда кколел хиса-басиязе, амма налогал ракIариялъе нилъ нахъе кколел руго цогидал муниципалитетаздаса. Хадургьей хIажат буго»,-ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Актуализациялъул суалалда тIад чIолаго бихьизабуна гьеб рахъалъ лъикIал хIасилал ругин. Экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас бицана щибаб анкьи-анкьие лъикIал хIасилал ругин гьелъул,-абун. -ГьабсагIаталда гьелъул план тIубай бахун буго 40 проценталде.

Хабар ккана районалда терроризм-экстремизмалда хурхун бугеб хIалалъулги. БетIерас бихьизабуна гьеб рахъалъ районалда ахIвал-хIал хадуб хал кквезе бажаруледухъ бугин, амма киналъего хIадурго рукIине кколин.

«Антитерроралъул рахъалъ нилъ бищунго къуваталда хIалтIизе ккола. ЛъикIал хIасилал ругин цо минуталъги гIодоре риччан чIезе бегьуларо. Районалда хIинкъи гьечIолъи – нилъер гIаммаб масъала ккола». Районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас бихьизабуна щибаб росулъ гIуцIун ругин халкъиял дружинаби, гьелъ ахIвал-хIалги хъаравуллъиялда гьоркь чIезабун бугин.

Суал борхана районалъул информационнияб политикаялъул. ЛъикIаб къимат кьуна гьелъие. Гьенибго бихьизабуна рахъулел материалазул качествоялда хадуб хал кквезе ккелин. М. ХIайбулаевас бицана: гьабагIаталда хъулухъалъул гIадамал дандчIвалел ругин росабалъ учреждениял – организациязул, педагогазул коллективалгун, чIахIиял классазул цIалдохъабигун. «Нижеца гара-чIвариял гьаруна сайтазул хIалтIул, интернеталъул хIакъалъулъ, гIолилал гьезул кумекалдалъун кьорикье ккунгутIиялъе малъа-хъваял гьаруна, малъахъваял гьаруна гьеб хIалтIизабулезеги.

РукIана цогидалги суалал. Совещаниялда бицана ракьазул, ралел бакIазда архитектураялъул къагIидаби цIуниялъул, школал, ясли-ахал хинго чIезариялъул, кванил, школазда дарсал лъай кьоледухъ иналъул. Гьел суалазда тIадчIей гьабе,-ян бихьизабуна бетIерас т1адал г1адамазда.

## Выписка из приказа начальника отдела военного комиссариата РД по Унцукульскому району

**«О призыве граждан на военную службу осенью 2016 года в Унцукульском районе»**

1

На основе Закона РФ «О воинской обязанности и военной службе» приказа Министра обороны РФ № 150 от 31 марта 2016 года, согласно плана подготовки и проведения призыва на военную службу в апреле-июле 2016 года согласованного с главой администрации МО «Унцукульский район» и утвержденного ВК РД от 15 января 2016 года на территории Унцукульского района РД с 1 октября 2016 года по 15 декабря 2016 года проводится призыв на военную службу в Вооруженные силы РФ

2

Явке на призывной пункт отдела (ВК РД по Унцукульскому району для призыва на военную службу подлежат все граждане 1998 года рождения, которым ко дню призыва исполнилось 18 лет, а также граждане, родившиеся в 1989-1998 гг., у которых исток срок обстрочки от призыва или не призванных ранее на военную службу по различным причинам.

3

Все граждане, подлежащие призыву на военную службу в Вооруженные Силы РФ, обязаны прибыть на призывной пункт по адресу п. Шамилькала отдел отдела (ВК РД по Унцукульскому району) в точно назначенный день и час с документами, указанными в повестке.

Граждане, не получившие повестки о явке для призыва на военную службу обязаны прибыть отдел (ВК РД по Унцукульскому району) в течение 15 октября 2016 года, имея при себе документы удостоверяющую личность.

4

Все граждане призывного возраста, подлежащие призыву на военную службу временно прибывшие на территорию Унцукульского района обязаны, незамедлительно возвратиться месту постоянного жительства и явится в отдел ВК РД по муниципальным образованиям в котором они состоят на воинском учете для прохождения призывной комиссии.

5

Граждане не явившиеся своевременно для призыва на военную службу или уклоняющиеся от призыва и от явки на призывные участки несут ответственность согласно действующего законодательства.

На основании закона РФ «О воинской обязанности и воинской службе» руководители предприятий, учреждений, организаций, учебных заведений обязаны освободить призывников от работы (учебы) на время, необходимое для прохождения призыва, отозвать граждан, подлежащих призыву из командировок и обеспечить своевременную явку их на призывной пункт.

**Ш. МАГОМЕДОВ.**
**Нач. отдела военного комиссариата РД по Унцукульскому району**

Пайдаяб малъи

# Гиппократцин сах гьавураб дару

Гьедин абула соноялда (гранат). Гьелъул кумекалдалъун сахлъизарун бажарула:

I. Дизентерия (бидул риххел) – щуго сагIаталде.
2. Сальмонеллез – щуго сагIаталде.
3. Кванирукъалъул язва – анкьиде.
4. Бакьазул унти – цо анкьиде.
5. Дисбактериоз – цо анкьиде.
6. Аппендецит – 5 сагIаталде.

***Кин хIадур гьабилеб дарудуе соноялъул лъим:***

Бакъвараб хъалалъул I0-I2 грамм бала цIорол банкаялъубе ва тIаде тIела гьалдолеб лъел 200 мл. 25-30 минуталъ тIокIкIине тела, цинги гьекъела.

Гьекъезе лъим киналго унтабазе цо къагIидаялъ хIадур гьабула. Амма хIалтIизабулеб къагIида батIи-батIияб букIуна.

Бидул риххел, сальмонеллез, цIаканалъул унти (брюшной тиф), холера (вабаъ) аппендицит сах гьаризе хIалтIизабула:

ТIокIкIарабго гьекъела лъел бащадаб. Риххел лъугIула.

Цогидал тIадехун рехсарал унтабазе – лъабго сагIаталдасан лъел хутIарабги гьекъела.

***Цо анкьалъ дару гьабизе ккола хадусел унтабазе.***

I. бакьазул язва
2. кванирукъалъул язва
3. колит
4. дисбактериоз

Къойида жаниб ункъго нухалъ батIабатIаго гьекъела:

Кваналалда цебе, радал, къаде, къаси кижилалде цебе. Гьекъела къо гьоркьоб ккун – анкьил I, 3, 5, 7 къояз; 2, 4, 6 къоязда гьекъеларо.



Дару хIалтIизабулеб заманалда гIаракъи, спирт гьекъезе бегьуларо.

Соноялъ щула гьарула малъал ва ботIрол рас. Гьеб хIалтIизабула косметика (батIи-батIиял мазал, кремал) хIадур гьарулагоги, гьелъ тIом хъахI гьабула, рукIкIалаби ритIа-ришизарула, гьурмадаса тIипало лъугIизабула.

Гиппократица соноялъул лъеца сах гьарулел рукIун руго къотIараб бакIалда лъугьарал ругънал. Ругьун бухьунеб букIун буго соноялъул лъелъ биччизабураб чIортоялъ.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28

Телефон редактора 55-63-07

sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 17. 11. 16 г. 18. 20 фактически -19. 40 мин.

......................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 1400 экз.